

# Better Bus Project

Making transit  
better together

## Nouvo Modèl Rezo pou Otobis Reyinyon Piblik Vityèl

### KILÈ:

**Jedi, 19 me 2022  
6:00 – 7:30 PM**

### KI KOTE:

**Reyinyon Piblik Vityèl  
(Zoom)**

### ENSKRI DAVANS:

Sèvi avèk lyen sa a:  
**[MBTA.com/bnrdmeeting](https://www.mbta.com/bnrdmeeting)**

### PÒTAY ENTÈNÈT PWOJÈ A:

**[MBTA.com/busnetworkredesign](https://www.mbta.com/busnetworkredesign)**

### Kisa Nouvo Modèl Rezo pou Otobis la ye ?

Se yon opòtinite moun jwenn yon sèl fwa pandan tout yon jennerasyon, pou amelyore rezo otobis MBTA a pou kliyan ki pi depann sou li yo.

### Pou kisa n ap fè sa ?

Zòn Metwopòl Boston an chanje. Gen nouvo distrik kote moun travay ki fòme, demografi a chanje, vin gen plis sikilasyon, epi wout moun fè yo chanje. Men rezo otobis nou an pa chanje pandan menm tan sa a.

### Nou vle tande sa ou gen pou w di.

N ap pwopoze yon pi bon rezo otobis, kidonk nou vle tande ki lide ou fè sou sa. Tanpri vin jwenn nou nan yon reyinyon piblik vityèl kote nou pral prezante yon plan pou yon rezo, epi n ap reponn kesyon ou yo, epi n ap koute sa ou vle di. Sa se premye nan yon seri reyinyon ki pral fèt sou plan pou rezo a, ki pral òganize nan mwa me, jen, ak jiyè.

### Ale nan adrès:

**[mbta.com/busnetworkredesign](https://www.mbta.com/busnetworkredesign)** pou wè yon lis ki montre tout aktivite yo, ansanm ak lòt materyèl ou ka jwenn nan plizyè lang. Ou pral kapab gade materyèl yo anliy depi lendi 16 me.

Building a better T.



### Aranjman:

Reyinyon piblik yo aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa fin pale angle byen. Pral genyen aranjman pou aksè ak pou sèvis nan lang gratis pou moun ki mande, lè sa posib. Nan pami sèvis sa yo, ap genyen dokiman nan fòm altènatif, dokiman ki tradwi, soutit, ak entèprèt. Pou plis enfòmasyon, oswa pou mande fè aranjman rezonnab pou ou, ak / oswa pou jwenn sèvis tradiksyon, voye yon mesaj elektwonik nan adrès **[BetterBusProject@MBTA.com](mailto:BetterBusProject@MBTA.com)**, oswa rele nimewo (617) 651-1363. Voye demann ou omwen dis jou ouvran anvan dat reyinyon an.